



# Atelye 2 sou Vizyonaj Pakin BWSC yo

PLAN: Nubian Square – 10 avril 2023

# Entèpretasyon ak Tradiksyon



“Spanish” – pou Espanyòl  
“Haitian Creole” – pou Kreyòl Ayisyen  
“Cape Verdean Creole” – pou Kreyòl  
Kapvèdyen  
“English” – pou Anglè

Gen kas ki disponib sou tab pa  
dèyè a pou itilizasyon piblik la.

# Konpòtman An Pèsòn

Nou vle asire nou konvèsasyon sa a se yon eksperyans ki bay tout moun k ap patisipe yo lajwa. Pou nou gen asire sa ap fèt, nou ap mande pou chak moun respekte direktiv sa yo:

- Tanpri, rete tann moman Kesyon ak Repons lan pou w poze kesyon.
- Tanpri, leve men w pou kapab pale. Nou ap ba w pale lè se tou pa w.
- Moman Kesyon ak Repons lan se sèlman pou pwojè Pakin BWSC a.
- Nou pa otorize moun fè kòlè, maledve, pase nan betiz, di vye pawòl oswa gen langaj pwofàn, aji ak enpasyans epi manke respè pou lòt moun.
- Nou mande patisipan yo limite kesyon yo pou maksimòm de (2) minit yon fason pou lòt moun kapab patisipe nan konvèsasyon an. Si w gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske lòt patisipan yo fin jwenn opòtinite pou poze kesyon anvan w leve men w ankò.

Si nou pa kapab reponn kesyon w yo pandan reyinyon sa a, tanpri voye yo nan imèl bay [jonathan.short@boston.gov](mailto:jonathan.short@boston.gov)

**Pou tout kontni reyinyon an:**  
**<https://bit.ly/BWSCParkingLots>**

# Ajanda

- Pakin Komisyon pou Dlo ak Tou Rego nan Boston [Boston Water and Sewer Commission, BWSC] (6:20-6:35pm)
- Kesyon ak Repons (6:35-6:45pm)
- Egzèsis Vizyonaj (6:45-7:25pm)
- Pwochen Etap (7:25-7:30pm)

Si w gen yon kesyon pou suivi, tanpri kontakte Jonathan Short ([Jonathan.Short@Boston.gov](mailto:Jonathan.Short@Boston.gov)) epi nou ap kontakte w kou sa posib.

# Pakin BWSC


---

*Rebecca Hansen, Direktris Byen Imobilye*

*Yarisamar Cortez, Planifikatè*

# Pakin BWSC

<b>Swen ak Gadyen</b>	BWSC ak BPDA
<b>Sipèfisi Pwopriyete a</b>	4.39 Ak (Acres)
<b>Itilizasyon Aktyèl</b>	-Pakin BWSC ap eksplwate pou anplwaye ak vizitè yo - Yon seri mòso teren ki vid




# Istwa

Mòso teren yo pa gen anyen sou yo depi 1977.

Anvan sa, yo te konn itilize yo nan domèn rezidansyèl, enstitisyon, komèsyal ak endistriyèl.

Yo te kraze sa ki te sou tè yo apre devlopman Plan Jeneral 1975 lan pou Vil Boston ak Kè Rejyon.

Yo ap itilize teren an kòm pakin depi lè sa a.






# Kondisyon Aktyèl



## ***Senk (5) Pakin BWSC Antou:***

- 411 espas pou pakin
- 191,528 SF (san wete 10,000 SF BPDA)

# Atik 25A Distri Pwoteksyon Kont Inondasyon sou Kot yo





# Poukisa se Kounye a?

## Odit Fonsye nan Tout Vil la

- Odit Fonsye a se yon envantè konsènan tout byen imobilye Vil la posede ki vid oswa ki pa fin byen itilize.
- Done yo ap pèmèt Vil la konble bezwen pi ijan ki gen nan Boston yo tankou, **lojman bon mache, devlopman kominote, ak rezilyans klimatik.**

## Finansman Lwa Plan Sekou Ameriken an

- Majistra Wu te rezève fon gras Lwa Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan Act, ARPA) pou konstwi lojman bon mache nan kominote ki gen revni miks sou pwopriyete enpòtan nou idantifye nan odit fonsye a
- Nou dwe atribiye sous finansman enpòtan sa a nan yon seri pwojè pou 2024.



## Public Land for Public Good: Citywide Land Audit



# Objektif Lojman Roxbury

Pa mwayen RSMP & PLAN: Nan kad pwosesis angajman kominote Nubian, nou te rann nou kont dwe gen nouvo lojman nan Roxbury ki konplemantè epi ki ajoute sou lojman ki deja la yo. Nouvo lojman yo dwe gen rezilta ki vin apre yo:

- ***Yon pakèt nivo aksesibilite*** pou konble bezwen fanmi ki gen revni fèb ak modere yo, epi pou soutni devlopman ak reyisit detayan lokal yo, founisè sèvis yo ak restoran yo.
- ***Ogmante posibilite pou moun yo vin pwopriyetè kay epi pou devlope richès***

Itilize Mòso Teren Piblik yo pou konble bezwen kominote a nan kesyon lojman ki koresponn ak planifikasyon ki etabli a

- [Plan Prensipal Estratejik Roxbury \(2004\)](#),
- [PLAN: Nubian Square \(2019\)](#)

# Objektif Vil Boston


Vil Boston te atire atansyon sou plizyè objektif enpòtan pou sit yo, tankou:

- ***Planifikasyon Rive nan Devlopman - Konble prensipal bezwen ak dezi kominote a jan sa parèt nan [PLAN: Nubian Square \(2019\)](#) ak [Plan Prensipal Estratejik Roxbury \(2004\)](#).***
- **Kreye lojman bon mache**
- Prezève posibilite pou gen pakin apwopriye pou BWSC grasa konstriksyon yon pakin.
- Soutni antrepriz ki ap sèvi kominote a grasa aktivasyon etaj anba nèt yo
- Kreye twotwa laj ki gen pyebwa, wout sekirize pou bisiklèt, ban ak anpil espas pou moun mache (sètadi aplike Direktiv Boston yo sou Lari ki Konplè yo).
- Kreye epi konekte espas ki ouvri

# Pwosesis RFP pou Teren Piblik yo

1. **Aji ak bonjan dilijans epi fè planifikasyon estratejik** pou detèmine mòso teren pou vann pou devlopman an
2. Mennen yon **pwosesis nan kominote a** pou koute kòmantè moun yo sou itilizasyon ki apwopriye yo ak direktiv yo nan kesyon plan
3. Pibliye yon **Demann Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP)** ki ouvri pou tout moun ki enterese. RFP yo defini enstriksyon pou pwopozisyon yo, egzijans nan kesyon soumisyon yo, ak kritè evalyasyon yo.
4. **Evalye** pwopozisyon yo grasa kòmantè kominote a

# Delè





# Gen Kesyon?

*(Fè kòmantè 2 minit pou nou kapab tande chak moun! Mèsi!)*

# Aktivite Vizyonaj

---

*Rebecca Hansen, Direktris Byen Imobilye*


# Aktivite Vizyonaj

**Lojman**

**Aktivasyon Etaj Anba Nèt /  
Amenajman**

**Espas Ouvè**

**Mobilite**



**BSWC Parcels**

-  BSWC Parcels
-  Half Mile Buffer

 This map is intended for planning purposes only. 

# Lojman

**PLAN: Dikektiv Nubian Square...** Pou konble bezwen ki egziste nan Nubian Square yo, Vil Boston konsantre li sou prezèvasyon lojman bon mache ki deja egziste yo epi li ap itilize pwosesis RFP yo pou kreye plis lojman pou yon **pakèt revni**.

Priyorite ki Enpòtan pou Kominote a:

- Yon pakèt nivo aksesibilite
- Ogmante posibilite pou moun yo vin pwopriyetè kay epi pou devlope richès
- Soutni, amelyore, epi devlope ekonomi lokal la grasa yon devlopman pou itilizasyon miks

# Konvèsasyon sou Lojman

1. Ki nivo aksesibilite nou dwe vize?
2. Kijan repatisyon an dwe ye ant lojman pou lwe ak lojman pwopriyetè yo?
3. Ki kalite lojman ki dwe antre ladan li? (pa egzanp, lojman konpak, granmoun/sipò, elèv, atis, elatriye)


## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- $\frac{1}{3}, \frac{1}{3}, \frac{1}{3}$  modal jan sa ekri nan PLAN an: Nubian pou lojman bon mache. Pou vin pwopriyetè kay, konsidere politik restriksyon sou ak pwopriyete yo pou gen garanti byen imobilye a se yon zouti ki kreye richès.
- Rezidans Northampton Street yo se yon egzanp. - dwe gen yon pi gwo pòsyon pou vin pwopriyetè bon mache, vrèman bon mache pou premye achtè yo.
- Nòmalmman, pa dwe gen restriksyon sou ak pwopriyete pou lojman ki dwe vin pwopriyete yo
- Epitou, nou vle lojman lokatif paske manm kominote a kapab pa gen opòtinite pou achte yon pwopriyete
- Kisa nou bezwen fè pou kreye richès nan Rox pou rezidan Rox yo? Kijan pwojè sa a kapab ede nou atenn objektif sa a? Konsantre sou moun.

# Konvèsasyon sou Lojman

## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- Èske nou kapab konsidere pwopriyete sa yo antanke pati yon bank fonsye kominotè olye yon devlopman pwopriyete prive? Si nou vle konstwi epi kenbe kominote a, pwopriyete prive yo pa sèl mwayen pou nou rive.
- Èske atant anrapò ak lojman bon mache yo byen klè?




## Housing

-  Apartments
-  Condo
-  Residential/Commercial
-  Single Family
-  Multi-Family
-  Boston Housing Authority

Pakin BWSC






Pakin BWSC

### Housing Percent Renters

Dark Purple	0 - 15%
Light Purple	15.1 - 35%
White	35.1 - 55%
Light Green	55.1 - 75%
Dark Green	75.1 - 100%

Source: US Census 2010.

This map is intended for planning purposes only.



Pakin BWSC

### Housing Percent Owners

Dark Purple	0 - 15%
Medium Purple	15.1 - 35%
Light Purple	35.1 - 55%
Light Green	55.1 - 75%
Dark Green	75.1 - 100%

Source: US Census 2010.

This map is intended for planning purposes only.

# Aktivasyon Etaj Anba Nèt ak Amenajman

**PLAN: Direktiv Nubian Square / RSMP...** Youn nan prensipal objektif devlopman ekonomik yo se ankouraje, yon fason ki aktif, yon ekonomi ki dirab, divèsifye, epi ki konsantre sou opòtinite travay ak kreyasyon richès.

Priyorite ki Enpòtan pou Kominote a:

- posibilite pou bay fòmasyon travay ak edikasyon
- kreye nouvo travay, atraksyon nan divès sektè travay,
- ak nouvo kalite itilizasyon komèsyal

tout bagay sa yo nan objektif pou ogmante opòtinite pou kreye antrepriz pèsònèl ak richès.

# Konvèsasyon sou Aktivasyon Etaj Anba Nèt ak Amenajman

1. Ki sèvis ki gen nan vwazinaj la nou dwe enstale isit la?
2. Ki kalite komès ak restoran ou vle wè nou enstale isit la?
3. Ki kalite espas kominotè ki ap itil nan katye ou a?


## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- Sibvansyon nan sèvis gadri timoun pou fanmi yo gen opsyon
- Kreyen yon espas pou Travay Atistik ak Kiltirèl - teyat, fason pou kreye yon lyen atravè kominote yo (pa egzanp, waf maritim); deplase moun ki nan lòt kominote nan roxbury yo grasa siyalizasyon, transpò. Epitou, travay atistik ak kiltirèl yo dwe soutni sante ekonomik la
- Lwe lokal komèsyal nan pri ki abòdab
- Travay ki byen peye
- Kreye yon destinasyon
- Sant egzèsis fizik bon mache ki disponib pou rezidan yo - espas pou pran swen tèt ou
- Antrepo pou bisiklèt
- Antrepo pou rezidan yo

# Konvèsasyon sou Aktivasyon Etaj Anba Nèt ak Amenajman

## *Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:*

- Sibvansyon vitrin pou antrepriz BIPOC yo, ki ap soutni ti founisè ki menm jan ak sa ki soti nan kizin Commonwealth yo



**Pakin BWSC**

### Commercial Uses

	Retail		Mixed Use
	Restaurants		Grocery Store
	Life Science Lab		Offices

 This map is intended for planning purposes only.





**Pakin BWSC**

**Community Services**

-  Schools (Public & Private)
-  Hospitals
-  Community Health Centers
-  Community Centers
-  Homeless Shelter

 This map is intended for planning purposes only.



# Espas Ouvè

**PLAN: Direktiv Nubian Square / RSMP...** kreye yon espas piblik ki konfòtab, kote moun kapab viv, ki sekirize, epi ki reflekte karaktè fizik ak sosyal inik katye a.

Priyorite ki enpòtan pou kominote a:

- espas piblik pou itilizasyon miks ki favorize entèraksyon epi ankouraje yon jounen 18 èdtan ki chaje aktivite.
- fasilite yon anviwònman ki adapte pou pyeton yo,
- Posibilite pou entegre travay atistik piblik la nan nouvo pwojè amenajman yo, sa ki ap mete istwa, kilti ak kominote Roxbury a an valè.
- yon seri amelyorasyon nan domèn piblik ki antre nan nouvo pwojè yo ki konekte ak rezo Nubian Square epi Roxbury a ki pi laj.
- diminye efè chalè gran vil yo



# Konvèsasyon nan Espas Ouvè


1. Pou kiyès espas ouvè yo dwe itil? (pa egzanp, Chen, timoun, etidyan yo, granmoun yo?)
2. Ki kalite espas ouvè nou dwe ajoute an priyorite? (pa egzanp, Jaden papiyon? Teren lakwòs/foutbòl? Teren jwèt?)
3. Kijan ou vle pou nou entegre rezilyans klimatik la?

## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- Abòde kesyon sante piblik nan rezyon an lè nou konble kèk nan bezwen popilasyon sa yo ki pi vilnerab
- Nou bezwen espas vèt - plant pou bay oksijèn epi pou rafrechi lè a!
- Espas pou kontanple, pa oblije yon espas aktif pou espò ak lòt bagay.
- Enstalasyon atistik ki kapab vire epi ki kapab nan avantaj atis lokal yo
- Pak, pyebwa, ban pou moun yo kapab pwofite zòn nan
- Zòn ki gen fontèn dlo - yon bagay ki bèl epi ki entansyonèl ki kapab amelyore kalite lavi moun yo
- Ajoute opsyon pou moun yo repoze, manje, epi bwè dlo
- Posibilite pou atire jèn yo ak kè jèn yo
- Evènman toutotou lanati (pa egzanp, pye seriz ki ap fleri)


# Konvèsasyon nan Espas Ouvè

*Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:*



**Pakin BWSC**

### Open Space

-  Community Gardens
-  Baseball
-  Basketball court
-  Golf course
-  Playground
-  Softball
-  Tennis court

 This map is intended for planning purposes only. 

# Mobilite

**PLAN: Direktiv Nubian Square / RSMP...** objektif la se vin ak yon rezo sekirize epi ki pratik pou pyeton yo, transpò piblik ak machin yo.

Priyorite ki enpòtan pou kominote a:

- amelyore koneksyon pou pyeton ak bisiklèt yo avèk katye ki toutotou yo ansanm ak rezo transpò lokal ak rejyonal yo.
- Mete Pwogram Lari ki Konplè yo sou pye → twotwa ki pi laj epi ki pi dinamik
- Kreye yon rezo ki djanm pou bisiklèt yo ak plasman estratejik pou estasyon Bluebike yo
- Redui itilizasyon machin pèsònèl yo yon fason pou ankouraje itilizasyon transpò piblik yo
- Asire yon pakin ki adekwat

# Konvèsasyon sou Mobilite

1. Ki fason ou anvizasyon kesyon chanjman wout ki deja la yo pou akeyi rezidans yo?
2. Pou kounye a, wout yo fèt sèlman pou machin yo. Ki enfrastrikti ki ap pèmèt nou egalize lari yo pou bay lòt mwayen transpò yo priyorite?
3. Ki koneksyon enpòtan sit la dwe favorize?

## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- Mwen panse li ap vrèman bon pou nou gen yon pasrèl pou pyeton menm jan ak sa ki nan zòn Hatch Shell la, ki pèmèt moun yo soti yon kote pou ale nan yon lòt pwen ki enterese yo an sekirite
- Lajè twotwa yo (se yon pwoblèm aktyèlman). Nou dwe gen twotwa ki pi laj pou nou kapab òganize repa deyò
- An konfòmite ak prensip ADA yo ak lòt ankò, yon fason pou pèmèt tout moun, kèlkeswa mobilite yo, gen aksè nan sit la. Posibilite pou deplase anndan, deyò, epi toutotou sit la
- Asire nou sit la konekte pi lwen pase zòn .5 mil sa a
- Konsantre sou fanmi yo ak revni yo - bay moun ki ap itilize espas la plis atansyon.

# Konvèsasyon sou Mobilite


## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***

- tanpri pa gen anyen ki plis restriktif epi itil pase Ruggles street. Vwazen yo pa kontan
- Mwen espere twotwa yo ap pi laj, men, mwen renmen pou lari yo piti ase epi pou yo mwens frekante jodi a
- Nou dwe ede rezidan yo fè tranzisyon pou vin nan mòd transpò ki plis adapte ak anviwònman an. Sa vle di nou dwe finanse yon pwogram bisiklèt elektrik pou rezidan yo, ki ap gen ekipman pou timoun, remòk, kask, elatriye.
- Pou kounye a, twotwa yo pa sekirize epi yo pa konfòtab. Panse ak Mass Ave antanke yon avni ki chaje ak pyebwa arebò li epi fè li vin bèl pou moun ki ap mache yo. Panse ak rezidan ki kapab pwofite devlopman sa a, ansanm ak chemen yo ap pase pou ale nan amenajman ki pi pre yo.
- Analiz rezo ki kapab entegre nan RFP a
- REPARE mi lateral yo ap fè yon gwo diferans. Rezidan Mist yo pè pou yo pa glise epi pou yo sot tonbe sou yon seri twotwa ki kraze
- Ekilib an objektif klimatik ak bezwen kominote a nan kesyon machin; fleksibilite. Konble bezwen fanmi yo nan kesyon machin - antre bezwen yo nan konvèsasyon an
- Atansyon sou fanmi






# Konvèsasyon sou Mobilite

## ***Nòt an Dirèk sou Konvèsasyon Kominotè:***





- Mwen panse li ap vrèman bon pou nou gen yon pasrèl pou pyeton menm jan ak sa ki nan zòn Hatch Shell la, ki pèmèt moun yo soti yon kote pou ale nan yon lòt pwen ki enterese yo an sekirite
- Nou sezi tande gen yon bezwen pou pakin - eksperyans nou fè montre yo raman itilize li
- Kijan nou kapab itilize lari yo yon fason ki pi efikas posib? Reflechi ak fason manm ki pi vilnerab nan kominote a ale kote ki enpòtan yo, tankou legliz, magazen, ak amenajman yo.
- Amelyore pwogram ak aktivite kominote a deja mete anplas yo (pa egzanp: jwèt echèk yo)




### Mobility

	Blue Bike Dock		Zipcar
	MBTA Stops		MBTA Bus Routes
	Silver Line		Subway Line
	MBTA Commuter Rail Stations		

**Bicycle Facility Type**

	Bike lane		Separated Bike Lane
	Shared use path		Other Bicycle Facilities

This map is intended for planning purposes only.





# Pwochen Etap


---

*Rebecca Hansen, Direktris Byen Imobilye*

*Yarisamar Cortez, Planifikatè*

# Pwochen Etap

## Prezan



**PWOCHEN ETAP: Senaryo Pwovizwa yo ap sèvi kòm kad pou pwomotè yo (wotè, dansite, objektif, elatriye) Se pa plan sit la okonplè.**

## Objektif RFP Pibliye